

Gladhen Basa Jawa

Materi : Tembung panyadra, panyendu, pepindhan lan Parikan

Pituduh :

SOAL - A

Isenana gambar kotak () ing sak jroné wacan ngisor iki nganggo angka 1,2,3 utawa 4!

Katrangan :

1. Nuduhake iki tembung panyadra
2. Nuduhake iki tembung panyendu
3. Nuduhake iki tembung pepindhan
4. Nuduhake iki parikan

LINTANG PANJER RINA

Sinta Ayu Kartika bocah wadon kang ayu rupane. **Pawakane lencir.**

Kulitane kuning. Ing sekolah karan Sinta ngono wae. **Sasolahe gandhes luwes.** **Eseme merak ati.** **Antenge kaya Dewi Sembadra.**

Eseme ngujiwat. **Patrape alus anuraga** kaya kurang candra turah rupa. Sinta ora ana cacade siji-sijia.

Sore kuwi Sinta mlaku-mlaku menyang kutha karo bapak lan ibune. Bapak lan ibune shinta kepingin gawe seneng atine Shinta. Karo mlaku, Shinta katon bingar cayane utawa bungah. **Bayem erine, ketan pulukane ; ayem atine, ketekan panyuwune,**

Sinta rumangsa bungah amarga panyuwune keturunan. Pak Harjo, bapaké Sinta arep mundhutake sepedha lempit (*sepeda lipat*) anyar. Sinta mentas wae dadi juwara lomba nembang. Senajan lomba nembang kuwi mung dianakake ing sekolah, nanging wong tuwane Sinta rumangsa mongkog atine. Ing jaman sarwa modern iki, putrane bisa dadi juwara nembang.

Polahe wong ing kutha kaya gabah diinteri. Lakune wong kutha ngalor, ngidul, ngetan bali ngulon, padha golek rejeki dhewe-dhewe. Ing antarane wong kemrubut nguber rejekine, ana sawijine bocah cilik kang uga golek urip kang jenenge Juniyem. Sinta rumangsa welas nyawang bocah kang kahanane memelas, **irunge gruwung,** **lakune kecincugan,** **tangane sing cekot** ngathung nadhahi rejeki saka kawelasane wong liwat.

"Godhong klaras godhong kemangi, bocah memelas luru rejeki."

Batine Sinta karo ngulungake dhuwit sangune marang bocah cilik kuwi.

"Matur nuwun, Mbak." kandhane Si bocah karo nampani dhuwite Sinta. Sinta manthuk karo nguncalake **eseme kang kaya madu.**

Pituduh :

SOAL - B

Isenana ceceg-ceceg (titik-titik) ing ngisor iki nganggo wangsulan kang bener miturut wacan ing ndhuwur!

1. Sapa sing mlaku-mlaku? (**wangsulana jenenge urut miturut wacan!**)

2. Apa karepe Pak Harjo lan Ibu mlaku-mlaku karo Shinta?
(**Wangsulana podho karo kang ditulis ing wacan**)

.....

3. Menyang ngendi wong mau olehe mlaku-mlaku? (**wangsulan tulisane kudu podho karo wacan**)

.....

4. Arep nyapa wong mau mlaku-mlaku?

.....

5. Bocah sing mlaku-mlaku mau weruh sapa?

.....

6. Kepriye kahanane bocah kang diweruhi?

.....

Pituduh :

SOAL - C

Pasangna basa rinengga kang wis cumawis ing kolom B, marang

1	Senajan irunge....kancaku sing aran Santi kuwi isih katon manis		atine seneng juwara siji
2	Mira tangane.... mula yen njoged bisa luwes		ora mampir angger liwat
3	Polahe kaya....dikongkon lungguh sedhela wae ora bisa		gabah diinteri
4	Cipir mrambat kawat		manggis karengat
5	Lambene.... senjata ora bibiran wis katon abang		kedhe
6	Senajan tangane.... nanging Wagiman bisa nulis kanthi lancar		miji timun
7	Bocah-bocah nganggo sragam putih disawang kaya....		nggandhewa pinenthang
8	Untune.... dhasar rupane putih, yen mesem katon manis		dhingklang
9	Parmin sikile....nanging yen balapan mlayu isih bisa ngalahake Badrun		pesek
10	Ireng-ireng gorengan kopi,....		mliwis baris